दिन–शनि दिनांक–21.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

नव दिल्ली मे आयोजित इंडिया एआई इम्पैक्ट प्रदर्शनीक आइ अंतिम दिन समापन छल। प्रदर्शक, नवप्रवर्तक आ आगंतुक लोकनिक जबरदस्त प्रतिक्रिया के देखैत सरकार प्रदर्शनी के एक दिनक विस्तार देने छल। हमर संवाददाता जनौलनि जे अंतिम दिन बिहार पवेलियन सहित सभ पवेलियन मे लोक सभक भारी भीड़ रहल। प्रदर्शनी आइ सांझ छओ बजे धरि छल।

---

केन्द्रीय इलेक्टॉनिक्स आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे इंडिया एआई इम्पैक्ट समिट मे कतेको तकनीकी समाधान प्रस्तुत कयल गेल। श्री वैष्णव आइ समिटक दौरा कयलनि। श्री वैष्णव कांग्रेस कार्यकर्ता सभ के समिट स्थल पर आयोजित प्रदर्शनी मे हंगामाक आलोचना कयलनि। ओ कहलनि जे लोक सभ एहि के अत्यंत निंदनीय जतौलक अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह एआई इम्पैक्ट समिटक दरमियान युवा कांग्रेस कार्यकर्ता सभक प्रदर्शन के दुर्भाग्यपूर्ण जनौलनि। दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे एहि घटनाक जतेक निंदा कयल जाय कम अछि। ओ कहलनि जे एक दिस प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विकसित भारतक लक्ष्यक दिस देश के लऽ जा रहलाह अछि। ओतहि कांग्रेस पार्टी निम्न स्तरक राजनीति कऽ देशक मान–सम्मान के ठेस पहुँचा रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पछिला वर्ष मोंथा तुफानक कारणे भेल अतिवृष्टि आ बाढ़ि सँ भेल फसिल क्षति मोआविजाक लेल किसान सभक बैंक खाता मे आइ एक सय करोड़ टाका सँ बेसीक राशि अंतरित कयलनि। श्री कुमार पटना मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान दू लाख सँ बेसी किसान सभक खाता मे डीबीटीक माध्यम सँ ई राशि पठौलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, आपदा प्रबंधन मंत्री नारायण प्रसाद आ कृषि मंत्री रामकृपाल यादव सहित आन गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————

राज्यसभा चुनाव के लऽकऽ प्रदेशक सियासी गलियारा मे हलचल तेज भऽ गेल अछि। विधानसभा मे संख्या बलक अनुसार चारि सीट पर एनडीएक जीत पक्का अछि। एम्हर, पाँचम सीटक लेल एनडीएक घटक दल दावेदारी प्रस्तुत कऽ रहल अछि। एहि मध्य राष्ट्रीय लोक मोर्चाक अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा दावा कयलनि जे सभ पाँच सीट पर एनडीएक जीत होयत। ओ कहलनि जे उम्मीदवार सभ के लऽकऽ एनडीएक बैसक मे निर्णय होयत। एम्हर, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रमुख चिराग पासवान पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे हुनक माता सक्रिय राजनीति सँ दूर रहतीह।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि पूर्वाह्न एगारह बजे आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय एकतीसम संस्करण होयत। मन की बातक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक पूरा नेटवर्क पर कयल जायत। एकर अतिरिक्त आकाशवाणीक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो ई उपलब्ध होयत। कार्यक्रम के प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। मन की बात कार्यक्रम के आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना आओर प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर शीघ्रहि बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के पुनः राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि जे दू हजार पाँच सँ राज्यक एनडीए सरकार सभ वर्गक उत्थान आ सभ क्षेत्रक विकासक लेल काज कऽ रहल अछि। श्री कुमार कहलनि जे राज्य मे स्वास्थ्य सेवा उत्तम आ उन्नत भऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री आइ पटना मे आईजीआईएमएस परिसर मे बनि रहल बारह सय बेडवला अस्पताल सँ आवासीय भवनक निर्माण काजक निरीक्षण कऽ रहल छलाह।

———————————————————————

आईसीसी टी—ट्वेंटी क्रिकेट विश्वकप मे सुपर—एइट चरणक मोकाबिला आइ सँ आरंभ भऽ गेल अछि। सुपर—एइट के पहिल मोकाबिला मे आइ सात बजे सँ न्यूजीलैंडक सामना पाकिस्तान सँ होयत। ई मैच कोलंबोक आर. प्रेमदासा स्टेडियम मे खेलायल जायत। ओतहि भारत सुपर—एइट मे अपन अभियानक प्रारंभ काल्हि दक्षिण अफ्रीकाक विरूद्ध मोकाबिला सँ करत।

———————————————————————

समाप्त भेल